

Konsidere SPARC lòske...

- Ou te fè tout posib ou pou rezoud dezakò ant fanmi ak lekòl men pa ka rive jwenn yon solisyon.
- Ou vle rezoud diferans yo byen vit, san gwo depans epi an sekre.

Demann enfòmasyon yo gratis e konfidansyèl.
Kontakte nou jodi a!

Pwogram Rezolisyon Konfli

Telefòn: 302-831-8158

Imèl: sparc-info@udel.edu

www.bidenschool.udel.edu/ipa/serving-delaware/crp/sparc

Pwogram Rezolisyon Konfli

Pandan plis pase 20 ane, Pwogram Rezolisyon Konfli a te devwe pou bati kapasite nan tout eta a pou apwòch kolaboratif pou rezoud konfli. Fondasyon travay nou an bati sou pratik demokratik kle yo: deba, dialòg, jwenn konsansis ak kolaborasyon.

Enstiti pou Administrasyon Piblik

Enstiti Inivèsite Delaware pou Administrasyon Piblik (IPA) la abòde règleman, planifikasyon ak jesyon bezwen patnè li yo atravè entegrasyon rechèch aplike, devlopman pwofesyonèl, ak edikasyon lidè pou demen yo.

Ale sou sit entènèt nou an nan www.ipa.udel.edu.

Inivèsite Delaware se yon anplwayè aksyon afimatif/
opòtinite egal ak enstitisyon Tif IX. Pou deklarasyon Inivèsite
a ki konplè e san diskriminasyon an, tanpri ale sou [http://
www.udel.edu/home/legal-notices/](http://www.udel.edu/home/legal-notices/)

*Sèvis rezolisyon pou fanmi
ak lekòl yo ki an konfli*

SPARC

*Patenarya edikasyon espesyal pou
pwogram rezolisyon amikal konfli*

Se Enstiti pou Administrasyon Piblik Inivèsite
Delaware la ki bay Pwogram Rezolisyon Konfli a

An koperasyon ak

Depatman Edikasyon nan Delaware



SPARC

Patenarya edikasyon espesyal pou pwogram rezolisyon amikal konfli

Apèsi

SPARC se yon pwogram rezolisyon pwoblèm edikasyon espesyal nan eta a ki sèvi fanmi ak lekòl yo nan Delaware. Lè fanmi ak lekòl yo pa antann yo, SPARC gendwa kapab ede avèk youn nan de (2) sèvis yo:

- **Medyasyon pou edikasyon espesyal**, kote yon medyatè fòme ede pati yo rezoud konfli espesifik yo a konsènan edikasyon yon elèv.
- **Fasilitasyon pou reyinyon IEP**, kote yon fasilitatè fòme ede ekip IEP a nan travay ansanm pou prepare IEP pou elèv la.

Sèvis nou an bati sou respè ak oto-detèminasyon, ki nourri relasyon ant fanmi ak lekòl la. Nou ede tout pati yo travay ansanm nan yon fason ki pozitif pou rezoud pwoblèm yo nan kreye kondisyon pou dyalòg konstruktif ak priz desizyon kolaboratif.

Patisipe nan sèvis SPARC yo ka pa itilize pou retade oswa refize dwa pou jwenn yon odyans kòm sadwa oswa nenpòt lòt dwa yo bay paran yo dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA).

Anplwaye

Se medyatè ak fasilitatè ki gen eksperyans ki espesyalize nan rezolisyon pwoblèm edikasyon espesyal ki fè pati Pwogram Rezolisyon Konfli Inivèsite Delaware la ki jere SPARC la.

Anplwaye SPARC yo konfòme yo ak pi gwo estanda etik, konpetans pwofesyonèl ak entegrite pèsonèl. Nou angaje nou pou bay sèvis rezolisyon pwoblèm ki san pati pri pou sa yo ki gen bezwen.

Sèvis SPARC yo...

- Konfidansyèl
- Gratis
- Volontè
- Efikas
- Avantaje
- Respektye

Ou genyen...

- Yon vwa nan diskisyon ak desizyon yo.
- Èd konfidansyèl e san pati pri.
- Fasilitasyon nan dyalòg louvri ak rezolisyon pwoblèm.
- Rekonesans pèspektiv ak objektif ou yo.

Timoun ekspesyonèl yo merite patenarya ant fanmi ak lekòl ki eksepsyonèl.